


Savoir sans Frontières

AVANTI ANSELME LANTURLU YO

EKONOMIKON AN

Jean~Pierre Petit


Tradwi pa Nahum Saintol



<http://www.savoir-sans-frontieres.com>


PWOLÒG

yon fwa sou yon tan nan Bordurie a...





"N'ap" fè po !



Anfen, cornecul, sispan bouje, pou'm ka chaje machandiz la !



A, men granmoun Kroumir sa.

TWOK


Ale, kat pwason pou yon po.

Non, sis !


Yo la pou yon bon moman nan fikse kou yo. Kòman sa ye, ou menm !



Ba, m'ap peche pwason pou li.



E li jis kite pou mwen dekwa pou 'm pa mouri grangou. Men, kisa 'm ka fè ? Rivyè a se pou kas Kroumir yo li ye, e mwen menm mwen se yon Teuhl. Daprè Lalwa, sèl Kroumir yo gen dwa pou eksplwate rivyè a ke dye Kefal te ba yo.




Wi, mwen konnen, nou gen yon bagay ki sanble ak sa nan Bordurie.



Gade !

Lavi t'aprale konsa. Bordurien yo ki te konn fè po, te chanje yo ak Kroumir yo pou pwason. Polak nan sid yo te ba yo sèl. E avèk sèl la, yo te ka sale pwason yo e mete yo nan po yo, sa ki te pèmèt yo fè echanj avèk Polak yo. E, yo menm tou, Polak yo...

YON JOU...




Dane rimatis !
Se ou ki prale lakay Kroumir, avèk po yo.
Men, pou li pa woule'w, mwen pral aprann ou KONTE.



Aprann kisa ?

KONTABILITE


M'pral aprann ou **SEKRÈ DWÈT YO**. Koute, egare, ou wè men'w yo ?
Yo gen dwèt sou yo ? E chak dwèt gen plizyè falanj ?



M'pa ta dwe aprann ou sa.
Men, si'm pa fè'l, Kroumir la pral woule'w
tankou yon pwason nan sèl.



E mwen m'pa renmen moun woule'm.



Ou wè, ou sèvi avèk pous ou pou
pwente falanj ou yo, nan lòd sa. E, lè'w fini,
sa fè sèlman yon douzèn. Ou pral itilize
ekòs pou'w make tou sa.



Ale e pa revele sekre
sa ak okenn moun, sinon dye Wall
pral pini'w. E, ou va tounen ban
mwen komisyon'w yo !...




E si ou vòlè'm, m'ap ekòche'w !

NESANS MONNEN




Kote Xbreuh'w la ?




Li pa't ka vini.
Li gen lespri'l-nan-pye'l.




Men kote pwason yo ?



Polak nan sid yo te vini.
Yo te pati nan lagè. Alò yo te
pran prèske tout bagay.




Rete'm sèlman
kèk grenn.



Men, kòman nou pral fè ?
Kanmenm m'pa pral tounen ak po yo lòtbò a ?

M'gen yon pi bon bagay pou ou. Ou wè ti objè an fè sa yo ?
Yo chak **REPREZANTE** yon pwason.



Sa, mwen byen wè'l.
Men, kisa mèt mwen pral di si
olye bon jan pwason, mwen tounen
ak ti objè sa yo ?


Ou konnen, pwason an fè sa yo trè rechèche.
Polak nan sid yo konn echanje yo avè' m pou manje.
Moun k'ap chase konn fè pwent flèch avèk yo, e ta sanble,
si nou fonn yo, nou ka fè anpil lòt bagay ankò avèk yo.



Non, mwen pa gen **KONFYANS** !
sa tou piti. Yo pral bat mwen.

Kijan ou pral fè kont ou avèk po ou yo ? Sistèm sa pral
senplifye lavi'w : yon pwason, yon objè, yon pwason, yon objè.

Konsa, ou p'ap ka twonpe'w.
E, gade, ou ka fè yon kolye avèk li :
konsa wa evite simaye'l nan
tout wout la ! (*)



(*) Sèvis ki reprann pita anpil nan sèten vilaj mediteraneyen.

KOMÈS



Antouka,
sa pi lejè !




Ou di Kroumir la te ba'w sa ?

Wi, e li te ajoute ke sa te gen menm valè a,
e ke ou ta kapab al verifye sa nan rejyon an.




Fè atansyon si
w'ap ban'm manti.



Fòmidad ! Vwazen nou yo, Tayak yo,
ki jiska prezan te neglije po'm yo, pote
boure sou pwason an fè yo. An echanj,
mwen te kapab gen fouri ak vyann.




Ak yon espès remèd kont lespri-nan-pye.



Efikas, an efè !

Donk **MONNEN** pèmèt ou fè tranzaksyon san pa bezwen genyen echanj prodwi ki pral itilize imedyatman, pou konsome. Xbreuh a itilize pyès metalik yo pou transfòme po li yo an vyann ak an alkòl, lè li aksepte pou li kenbe pou yon moman objè li pa ka itilize dirèteman men ki pral sèvi'l kòm **MONNEN AN ECHANJ**.



Enterè a se paske li lejè.

SIVILIZASYON KONSOMATÈ


Mwen pran yon desizyon. Ou pral fè plis po toujou, anpil po. E, olye pou chanje kont vrè pwason, w'ap tounen avèk ti objè sa yo, avèk yo mwen pral achte vyann ak anpil medikaman.



E, kisa sa chanje pou ou pou'w prodwi twa fwa plis po ?
Twa fwa plis ke sa nou **BEZWEN** ?



Ben, olye mwen souse arèt, m'ap wonje zo.




Pa Wall,
anbakman
sa yo ap vin
pi lou !



Gade, sa, se nouvo.
Yo make ti pwason metal yo.


A, ou pa konnen?

Polaks nan sid yo te fè lagè ak nenpòt ki moun. Yo te fini pa anmède, wa NUMIS, ki te vòlè yo nan plim yo. Nan fè sa, li te pwolonje pouvwa li sou tout peyi a. Li te jwenn lide ti pwason an metal yo trè amizan, epi li te gen men l' sou min ak fondri yo. Kounye a, se li ki gen monopòl nan zafè sa a, epi li mete mak li, so pèsònèl li, sou pyès yo.




A, yon detay:
li fè fèmèn tout moun ki antreprann
fè menm bagay la!

AAAHHH!



LAJAN AN MAS


Lakay wa NUMIS la:



Envansyon Polak yo, LAJAN...
sa... se gwo koze! Nou pral kapab
achte tout tè a!




Latè, sire?
Linivè a! ..



Ou gen rezon : an'n achte Linivè a !

Biznis ap vire, Sophia. Mwen gen kòmand enkwayab nan men
wa NUMIS. Li te deside envite tout moun ki rete sou Latè
a manje midi e li vle yon kantite enkwayab konsèw pwason.



Nou pral entansifye pèch yo.
Ou pral mare yon gwo filè ak
ki nou pral drage lak la!



Lajan vin bò isit la !

Anselme sou bò pa'l, li te fè pou Xbreu nan Bordurie a yon kantite po inimaginab.

Sa fè yon men nan men nan men (*)



Ou vle pale sou pwent flèch sa yo. Men nou te fè leplen, granmoun. Tout planche nou yo ranpli. Nou pa gen anyen pou'n fè ankò.

Epi...
fè se fè ...



Nan tout rigè kat men pwent pou yon lit.

Men nan lòt bout chèn sa, lakay Tayak yo...

De san lit medikaman pou tèt-nan-pye'w la, epi ki lòt bagay ankò?




Men... Mwen gen bagay pou'm peye... Mwen gen lajan

Men ... ou pa gen dwa. Se te yon pwent lit la! Mwen ka fòse ou fè komès nan to sa a!



O? Al chache rezin nan ak plim poul yo.

(*) $12 \times 12 \times 12 = 1728$ (yon men reprezante douz falanj)




Mèt, kisa ki rive ou?

Tayak yo ...
yo pa vle pwason fè yo ankò.

E tout sa ap remonte, remonte...




Gade, men po'w yo.
Men, mwen vle VRÈ pwason!



Ou bye omwen, ou ban'm kat men pyès
monnen pou yon po ...


Kat men!?! Men, ou
tonbe sou tèt ou!



Yon ti kras pita:


Wa a vin kòmande ou.

Ale di Wa ou ...




Kisa ou di sòlda?
Kat men pyès monnen
kont yon pwason !!

Ke nou fè fèmen'l



Sire, an nou eseye rete
tèt frèt. Sa pa pral
rezoud anyen.

Ann eseye reflechi
pito sou sa k'ap pase.



Polaks nan Sid yo
te envante bagay sa,
LAJAN sa. Li sanble
pratik, men gen yon
bagay nou pa
kontwole.

Si nou mande Polak
yo rezoud kriz sa a?

Elas, sire, yo
tout te fèmen.

A... domaj.

Lè nou te **BAY LAJAN** sa a,
POUSANTAJ la te yon moso fè kont
yon pwason. Epi nou te vle emèt **PLIS**,
e pri a te kòmanse **DERAPE**.

Ou dwe
imedyatman sispann
pwodwi pyès sa yo.

Men lakay Kroumir, operasyon prestijye ki te lanse pa wa **NUMIS**
la gen lòt konsekans:

Se tout sa ou pote tounen,
femèl !?!...

Pa bezwen anbete ou. Avèk kòmand fou sa,
nou desime pwason yo, ravaje fon yo.

Kantite pwason yo diminye de mwatye?
Pou prezève **GEN** mwen an, mwen pral tou senpleman double pri yo.

YUIT
MEN
PYÈS
PWASON
AN

Di! Yuit men pyès !!!
Li vin **CHÈ**, pwason ou a ...

SA KI RA CHÈ

Ou te wè, Sire, pwason an vin ra, se konsa pri li monte.
RARTE A MONTE VALÈ A.




Lajan nou yo ka pa trè byen chwazi.
Fè vin yon pwodwi komen. Nou fè ak yo wou pou cha.
Metaliji ap devlope. Li ta pi bon pou nou fè
lajan ak yon bagay RA.

Kisa ou pwopoze?




Lò.

Ou gen rezon.
Lò difisil pou pwodwi.
Pa janm gen anpil
kantite ...



Epi li pa rouye.

Men, yon sèl bagay
ki ban'm pwoblèm :
lò sa pa ka SEVI
ANYEN. Li se yon
metal trè mou.




Poukisa ou ensiste
ke li sèvi yon bagay?

Mwen pa konnen... fè a te kapab fonn.
Ou te kapab fè anpil objè ITIL ak li.
Pwent flèch, klou ...



Objè KONSOMAB.




Oke, mwen te jwenn
yon itilizasyon pou lò...



Peyi a Lè sa a te konnen yon peryòd **ESTABILITE MONETÈ** relatif. Lajan te rapidman enpoze tèt li nan **ECHANJ** yo kòm yon entèmedyè endispansab. **RANMASE**, estoke, li te tounen **EKONOMI**.



Komès la te devlope vay ke vay. Xbreuh nan Bordurie a te rive konvenk Tayaks yo pou achte po nan men'l, konsa li te louvri nouvo **DEBOUCHE** pou pwodiksyon li, yon nouvo **MACHE**.



Wa Tayak la te vin inisye li menm tou nan plezi konsomasyon, e, an echanj pou vyann ki soti nan lachas, li te kapab achte anpil bèl bagay.




BANK LA



Nan sousi pou konsève lajan pèp li, li te deside, pou retire'l anba lanvi yo, pou konfyè'l bay yon vwazen ki gen yon netralite san repwòch, ki te dakò kenbe'l nan yon kote ki an sekirite, pou yon frè modès.


ENFLASYON PA DEMANN

Koute tout moun! Ou mèn m k'ap machê tèt tou touni, anba agresyon kosmik yo, move lespri, ond negatif ak reyon solèy la, adopte chapo bordurien orijinal sa, ki pral fè de ou yon chèf.
Achte KOUVRI-CHÈF nou yo!




KOUVRI-CHÈF
L'AP VANN isit la

Pa gaspiye tan ou sou ban lekòl la. Chapo GNOSEOSOPHIQUE nou an pral pote ba ou pa DIFIZYON TRANSSÈVIKAL tout konesans ou manke.



Anselme Lanturlu, ki prezan isit la, ki te yon inyoran konplè, te aprann **SEKRÈ DWÈT YO** ak **KOUVRI-CHÈF** nou an.


De tout fason, Xbreuh a, pou **PUB** la, li pa pè okenn moun!



Men, ou pa panse ke...

Sa pa ale, non!?!

Anselme, pitit mwen, biznis se lanfè!



Senkant gulbars, frè mwen!

Gen sèlman twa ki rete, mè!

Huh?
Swasant gulbars!

Men, ou ogmante
pri yo?

Pitit Gason, se Dye Wall
ki etabli pri yo. Men, si yo mande
pou plis, se paske li pa't chè ase!

Pou kwit tout po estupid sa yo,
nou te raze tout forè a.




Mwen te planifye tout bagay,
Anselme. Depi koulye a nou pral kwit
po nou yo ak lwil nwa sa, nafte sa.


Oh, ki sant sa!

ENFLASYON AVÈK KOU YO

Vire, epi pa enkyete'w
pou rès la!



Kèk tan apre sa



Yon jou...



Ah, mwen wè. Se fi sa a k'ap travay nan lak la, ki mete lide sa yo nan tèt ou!

Li sanble ke, lòt bò a, yo te fè yon "koperativ" oswa yon bagay tankou sa!

Mwen vle senk Gulbars pa jou ...

Ak yon jou repo pa semèn.

Senk Gulbars pa jou!
Men, ou vle touye mwen!

Ou vle pouse nou nan fayit!

Ou vle kraze kay la?
Mwen deja genyen nafte a pou peye, ke pri a toujou ap ogmante!

Ou gen sèlman pou bwè mwens... medikaman!

Senk Gulbars pa jou.

Pa Wall, se yon move rèv.

Koute, si ou travay di, pita, mwen pral bon.

Men, ki sa ou ta fè ak yon sòm lajan konsa ?

Non, senk Gulbars, kounye a!

Mwen pral achte yon chemiz, ak kèk savon!

Ah, se sa li ye! Liks dabò,
answit debòch, fònikasyon!

Poukisa w'ap
anbete'm ? Sa mwen
vle se yon chemiz!

Mwen responsab pou
moralite ou devan Wall.

Mwen pral pwoteje
ou kont tèt ou!

Depi se
konsa, po'w yo,
ou pral fè yo
ou menm !


Gade yon engratitid! Li ki dwe'm
tout bagay, ke mwen bay manje ..

Ah, medikaman
mwen!

Nan douvanjou :




Anselme, vit, desann!
Nou dwe fè kouvri-chèf
Broutchien yo. Y'ap
vini demen ...

Mwen vle senk Gulbars
pa jou ak yon jou konje
pa semèn!




KONPETISYON





Dekouvèt sa, **INOVASYON TEKNOLOJIK**
sa wine nan yon ti tan endistri Xbreuh a nan Bordurie...



MACHE TRAVAIL LA

Kisa ou di? Èske w se yon potye? Pa gen enterè. Ou konnen ki jan yo konte?

Men li se nimero nan baz douz. Granmoun, kounye a, nou konte nan desimal !..

Avèk tout teknik modèn sa yo, nou pa kapab swiv.

Pandan ke Lanturlu te retwouve l' sou wout arid **CHOMAJ** la, sou bò lak la, Sophia:

MATKOBOWSKA! Depi nou te touye Kroumir a ak pran posesyon lak la, sa ki te pase?

Nou, pechè yo, nou te kontinye fwape travay la. Yon lòt kote, nou te wè yon bann parazit replike epi sò nou pa pi bon.


Li bèl, Koperatif nou an!

Kamarad! Ou pa bezwen di sa. **KOLEKTIF** la se yon batay.
W'ap goumen isit la sou fwon pwodiksyon an. Men, lòt moun ap
goumen nan chan **KONSYANS POLITIK** la ak sou **PLAN** an.
N'ap viv isit la nan yon **EKONOMI PLANIFYE** (*).



Gade, vin wè yo,
ewo konsyans politik ou yo!

Gade jan y'ap bafre epi dòmi!




Yo p'ap bafre. Y'ap goute.
Sa se kontwòl kalite.
Ou gen yon move lespri!



Kontwòl kalite?
W'ap pale!

Pou yon moun ki reyèlman
ap travay gen dis ki p'ap fè
anyen oswa k'ap dòmi.

N'ap viv pi byen,
isit la, ansanm. Pa gen chomaj.
Gen yon travay pou
tout moun.



Pa gen moun
ki rich ankò.

Fè atansyon, Sophia.
Li nan sekirite a.
Li danjere.

Mwen konnen tout bagay sa yo pa kè.
Revolisyon sa a, Bondye konnen si mwen te vle li. Men, lè nou te touye Kroumir a, mwen pa't ale kriye pou li. Men, ki jan ou ap fè pou anpeche anpil moun isit la pa fòme yon nouvo kas enkonpetan, parese ak kreten, men ak yon "konsyans politik ki wo" ... Epi poukisa yo gen ke pwason yo, epi nou-menm nou gen tèt yo ? Poukisa tout PRIVILÈJ sa yo ?

Mantalite retwograd ou a ap avegle'w.
Fò'w wè ansanm nan, epi pa konsantre'w sou chak ka.


Sou lòt bò mòn yo, nan Bordurie,
se EKSPLOATASYON MOUN PA MOUN.

E byen isit la se opoze a !



Sa sifi ! Mwen pral fè
yon rapò sou ou !..

ak TI PAPA PÈP YO !




LAKAYU WA NUMIS :




Mwen pa vle li rive isit la sa ki te pase nan pwovens lès Kroumir a.



Sir, sa pa posib ankò. Sa t'ap fè twòp move efè. E nou pa kapab amensi pyès lò yo ankò, sinon yo pral ka wè atravè yo!




Fasil pou di... fasil pou di...



Gade, yon nonm y'ap mennen nan tòti.
Yo pa ale la ak yon men mòl. Fòt li dwe grav!

Dekaryon, kisa ki
fòt nonm sa ?

Chèk san
pwovizyon.



Gen kèk ki mete lò yo san
danje nan twou wòch nan mòn yo.
Men dezavantaj la se ke lò sa a
pa sikile ankò. Nou pa ka itilize
li ankò.



Wi, li ralanti
echanj yo.








Se konsa, kèk te imajine yon sistèm. Yo mete yo sou yon moso
pachemen "bon pou tan Gulbars", epi yo siyen sou li. Yo rele li **CHÈK**.
Natirèlman lalwa entèdi sou pè lanmò pou bay plis chèk pase Gulbars
nan twou wòch yo, nan bank ou. Nou ka peye ak woulo sa yo.

Epi moun yo ka ale lè sa nan mòn yo pou fè
echanj woulo yo pou Gulbar-lò.



AAAAAAHHH

Mwen di ou mèsi, dekaryon. Men al repoze 'w, kounye a.
Ou te oblije fè yon efò difisil pou eksplike sa.



MONNEN-PAPYE

Sir, nou pral louvri yon bank ke nou pral rele Bank Bordurie a.



E alò, mwen pa wè enterè a. Sa pral konplike lavi nou initilman.

Epi nou pral jeneralize sistèm chèk la!

Nou pral kòmanse pa akeyi nan bank nou an tout lò sijè nou yo genyen. Evantyèlman nou pral "ankouraje" yo... An retou, nou pral ba yo papyè ki ekri "bon pou tan Gulbar". E nou pral asire nou ke se sèlman bagay sa ki pral an sikilasyon.




Men... nou pa pral pi rich pou tèt sa!

Ah, rete tann, mwen panse mwen kòmanse konprann pi byen.



Nou pral nou menm tou mete an sikilasyon "Gulbar-papyè" sa yo. Apre sa, pral gen evidaman anpil plis pase "Gulbar-lò" a.



Hmm... li te vin aparàn ke Gulbar-lò nou yo te pèdi pwa, men ki moun ki pral konnen ke nou ap founi tout papyè-lajan sa?

Sa se pral pi gwo zafè chèk san pwovizyon nan tout listwa

Lajan makak la!



... Bevi a!

Hmmm?!...

O, anyen, sir...

Rete tann: si nou emè anpil Gulbar-papye, moun yo kelkeswa estupid yo te ka ye, yo pral sispèk yon bagay. Men, si Gulbar-papye yo anpil, pi plis anpil pase Gulbar-lò yo, li pral enposib pou echanje yo tout an menm tan, youn kont youn, pou kenbe **PARITE** a.

Remak: mwen ka toujou refize echanj sa...

Sa riske pwovoke panik, sir: moun k'ap pèdi tout **konfyans** nan **lajan papye** nou yo.

Si nou mete an sikilasyon de fwa plis Gulbar-papye ke Gulbars-lò, li pral sifi pou chanje yo de kont youn .


Mwen jwenn sa nou pral fè: lè moun yo pral konfye nou tout Gulbar-lò yo, nou pral fonn yo!

Yo pral dezaprouve'l, sir...



Lè sa a, kisa sa pral bay?

Lò, tou senpleman...

Se konsa, yo te kòmanse pi gwo chèk san pwovizyon nan istwa Peyi wayòm nan. Tout bagay pral pase jan yo te planifye'l. Moun yo te pote Gulbar-lò yo, ki te fonn imedyatman, e yo pa't janm tande pale de li ankò. Wa Numis te enprime anpil biyè, avèk ki yo te prese achte anpil bagay a dwat e a gòch. Evidanman, pri a te monte, lò a tou. Men, kòm tout bagay te peye pi chè, pèsonn pa't rekonèt ansyen lajan bordurien an ankò ...



Aktivite sa, ki ta voye tout Bordurien nan plas piblik la, te chanje non an **EKONOMI**.



Natirèlman, Numis te fè ekòche tou vivan tout moun ki te vle pratike **EKONOMI** an pou pwòp tèt yo.

Anvan, pou pran lajan nan men moun, yo te ogmante taks lou.




Metòd koryas,
inelegan.




Numis te kenbe sistèm taks la, men gras ak posib gonfleman **MAS LAJAN** an, ak enflasyon sa ke se li ki te mèt li, li pa't janm manke lajan-papye. Natirèlman, nan paralèl, pri yo te monte, monte.



Men aktivite ekonomik nan Bordurie a, ki te antre nan È **ENDISTRIYÈL** la, te pran esò li. Tout kote, faktori yo te bati, kote Bordurien yo kounye a te travay kòm salarye. Numis ak fanmi li te posede pi fò nan yo, achte oswa bati ak... lajan-papye.




Kòm pri yo t'ap monte, anplwaye yo te oblije mande ogmantasyon salè yo. Epi de tan zan tan te genyen manifestasyon vyolan.




Sa ki te bay moun enpresyon pou yon ti tan ke yo te pi rich.

A, li te kanmenm kite yo ale, Gulbar li yo.



Nou genyen!
Nou genyen!



Moun yo presipite lè sa nan magazen pou yo achte.




Enkyete pou **MAKSIMIZE BENEFIS LI**,
nan aswè, machann nan te ogmante pri li yo.



~~800 G~~
900 G

Si yo mande pou plis,
se paske li pa chèn ase,
lwa Wall la!

Epi ou dwe konte
sou pwomès grefye a,
ki te dwe ogmante.




Plis sa ap chanje, plis se menm bagay.

Pa konprann!

De san Gulbar! Dis lane pase
mwen te genyen senk!

Men, ou te
wè pri yo?



Gade yon epòk !

Mwen mande kote tout bagay sa yo ap mennen nou.

Mis SOPHIA
Filt nan tout

?

Sophia !

Anselme !

Men, kisa w ap fè?



Ou wè, mwen resikle tèt mwen.

Mwen te fè yon estaj nan syans paralèl yo.

Kisa ou genyen kont parapsikoloji?

Ou vle di... maji?

Oh, kounye a gwo mo yo!



Rich oswa pòv, kisa sa fè
apati moman ke nou
gen lajan...

AH! AH! AH!

Nan mond pouri sa,
mwen wè sèlman yon sèl bagay
ke nou ka retire anba lajan...

Èske ou pa ka devine?..

E... non...




Ah... repons
la se wi!

MIL
RESET KONT
INFLASYON

MIL
RESET KONT
INFLASYON

Anfen...

Ann mete
yon vwal modès
sou pati istwa sa...






Ah, te a!

Dekoksyon
FITIRODENDRON yo gen
pwopriyete pou fè ou
ale nan **LAVNI**.

Epi ki lòt
bagay ankò !!!



Sa syantifik!
Paracelse (*) di ke ...


Istwa
san sans!



Kisa k ap pase la?

Kisa
Paracelse di?

(*) Pi popilè alchmis.




Sophia ?

Mwen isit la...




Men ki kote nou ye la?

Nou pa chanje plas.
Men, kòm olibris Anselme
sa te konfonn te a ak fèy
FITIRODENDRON yo,
nou chanje epòk.



Ou te wè, tout machin sa !


E byen kisa! Ou pa janm
wè yon **MACHIN EKONOMIK**?



Men... ki moun
k'ap pale la ?

Se mwen menm. Mwen se doktè Tirésias.
Mwen se yon ekonomis...

Ou vle di se ou ki envante machin sa ?



Mande Bondye padon!
Mwen jis etidye li.


E kisa tout bagay
an tib sa yo ye?



Sa yo se
SIKWI EKONOMIK.


PWODIKSYON

KONSOMASYON




Nan kanalizasyon
likid ekonomik la, **FLOUZ** la,
li kondwi pa de kalite ponp
ak vis Archimède yo.
Ponp k'ap refoule a rele
PWODIKSYON, e ponp ki
anba a, k'ap aspire a, rele
KONSOMASYON.

FLOUZ la se yon emilsyon
ERGOL ak lè. **ERGOL** la (*) se
yon likid ki pa ka **KONPRESE**.
Men, prezans bil yo rann
ansanm la, **FLOUZ** la,
KONPRESIB.






Ant ponp **PWODIKSYON** an ak
ponp **KONSOMASYON** an




Yon fenèt pèmèt yo
apresye **DANSITE** likid
ekonomik la.

(*) **ERGOS**, an grèk: travay.

PREMYE LWA FLOUZODINAMIK



Rejim ponp **PWODIKSYON** an, se òf la;
pandan ke rejim **KONSOMASYON**
an se **DEMANN**.




Lè de rejim sa yo balanse
oswa lè yo varye nan menm
fason an, nan yon fason **senkro**,
FLOUZ la kenbe menm
dansite a : **PRI** yo **ESTAB**.




Lè ponp **KONSOMASYON** an kòmanse
"rale plis" ak lè **RITM PWODIKSYON**
an pa swiv, Lè sa **FLOUZ** la detann;
dansite li tonbe epi **PRI** yo **MONTE**.

Tann...



PWODIKSYON

KONSOMASYON




Men lè, olye pou'l grandi,
konsomasyon an **RALANTI** ?

E byen **FLOUZ** la vin
pi dans: pri yo **BESE**.

Menm bagay la lè nan ritm
KONSOMASYON konstan an,
PWODIKSYON an vin ralanti: **FLOUZ** la
detann epi pri yo vole. Lè **PWODIKSYON**
an akselere, **SOUPWODIKSYON** an
konprime **FLOUZ** la epi pri yo **bese**.

PWODIKSYON

KONSOMASYON




Se konsa, pri yo ta dwe detèmine otomatikman dapre relasyon ki genyen ant konsomasyon ak pwodiksyon, ant demann ak òf.


Atravè ponp PWODIKSYON an pase yon sèten kantite ERGOL pou chak segond. MAS-FLO sa se menm bagay la ki pase nan ponp KONSOMASYON an.

Epi rapò a, nan nivo ponp KONSOMASYON an, ant DEBI an VOLIME nan ak DEBI AN MAS ERGOL la, rele ENDIS PRI YO.


Se pou nou gade MACHIN EKONOMIK sa pi byen.

Li sanble tankou yon machin ak mouvman san rete.





Men non, li pa yon machin
ak mouvman san rete.



Mwen,
sa mwen te di...

Gen friksyon nan tiyo yo, pèt nan liy elektrik yo.
Ansanm nan ap travay sèlman gras ak yon apò ENÈJI.


DEZYÈM LWA FLOUZODINAMIK

Dezyèm lwa
Flouzodinamik la ka eksprime konsa:
**PA KA EGZISTE OKENN MACHIN
EKONOMIK IZOLE.**


Moun yo pa ka
jis achte ak vann,
distribye objè. Fò'k Gen yon
sèten **TRAVAY PWODIKTIF** ki
fèt yon kote, sou baz matyè
bwit ak enèji, sou yon
fòm kèlkonk.

Li sanble
evidan.

SEKTÈ PWODIKTIF AK NON PWODIKTIF



PWODIKTIVITE



Sa se aparèy pwodiksyon an.
"PONP PRIMÈ" nan tout
aktivite ekonomik.

Men, ki MEZI
aktivite ekonomik sa a?

Oke, **AKTIVITE EKONOMIK** la egal ak:
 $\frac{1}{2} \text{ MAS ERGOL} \times (\text{VITÈS SIKILASYON})^2$


Brèf se fòs **VIV** la.



Inite mezi **PRESYON EKONOMIK** sa se **BAR**.


Epi mwen sipoze
ke li mezire avèk yon
BAROMÈT?

Pou ogmante aktivite ekonomik la, nou ka ogmante **MAS ERGOL** la, sa vle di **KANTITE TRAVAY KI FOUNI** an. Men, li esansyèl tou pou amelyore fason yo itilize travay sa, distribye, sa vle di **PWODIKTIVITE** a.





Wi, li pi bon pou'n ta pase nan yon machin ki pi gwo, pi modèn, avèk tiyo ki gen gwo dyamèt ak kondiktè elektrik ki gen fò seksyon, pase pou double oswa triple ansyen enstalasyon yo.

Yon bagay
rete misterye pou mwen:
kisa ki fikse volim **FLOUZ**
la nan ansanm machin
ekonomik la?




KWASANS AK MA MONETÈ


Eta reyèl yon **SISTÈM ECONOMIK** se **MAS ERGOL** k'ap sikile ladan'l. Se fraksyon dans **FLOUZ** la, **FOS TRAVAY** la, plis **VITÈS SIKILASYON ERGOL** sa. Kisa k ap pase si nou ajoute yon nouvo **UNITE PWODIKSYON** nan machin nan?



Zouti pwodiksyon sa vini ak **ERGOL** li plen. Pakonsekan vin gen yon ogmantasyon nan **FOS TRAVAY** la ki natirèlman gen tandans ogmante **DANSITE FLOUZ** la (donk li fè bese pri yo). Se poutèt sa li nòmal, nan faz kwasans la, pou yo ajoute kèk ti boul, ki vle di pou ogmante **VOLIM MONETÈ** a, nan fason pou konsève **ESTABILITE** nan pri yo.




E an reyalyte, kòm si se pa anyen, mwen parye ke ou ajoute chak fwa yon ti kras pi plis, sa ki tradwi, an reyalyte, pa yon ti ratrapaj ogmantasyon salè yo.



Bon, ann sipoze nou ta nan yon faz kwasans.
Max, ou pral jwe wòl salarye sektè prodiktif la, e ou,
Albert, ou se salarye sektè non prodiktif la.





Poukisa non prodiktif ?




Wi, ou pral
reprezante **SEVIS** yo,
ADMINITRASYON yo.

Bon, yon nouvo inite prodiksyon
te ajoute nan machin ekonomik la.
Li mache byen. Plis douz ba nan
endikatè presyon ekonomik la.




Itilizasyon inite sa
pral bay **TRAVAY** e li pral redwi
CHOMAJ la. Men revandikasyon
salè yo pral pi viv.




Nou reklame
ogmantasyon
debi yo !



OKE, m'ap voye
ogmantasyon debi yo.



PRI yo... sa bon...
dousman...



Entansite a
ap monte. Pa gen
twòp pèt nan **SIKWI**
DISTRIBISYON AN.



Debi **ERGOL** la nan ponp
distribisyon an ap ogmante.
NIVO DE VI a ogmante.

Men inite prodiksyon sa,
li pa't fèt pou kont li ?

Ou gen rezon.
Fò'k nou retire yon pati
nan fòs viv FLOUZ la pou fè
INOVASYON an vire epi
MODÈNIZE aparèy
PRODIKSYON an.

ENVESTISMAN

**INOVASYON
MODÈNIZASYON**

Prezan !

Efò sa dwe pèmanan,
sinon aparèy prodiksyon
an pral vyeyi nèt ale.


**PATAKLONK
PLATLAKLONK**

Konplètman raz.

Tiyo
yo bouche.

Sikwi elektrik yo (REZO DISTRIBISYON)
anfle: gen pèt toupatou.


KAPITAL, PWOFI, TAKS, EPAY



Sikilasyon FLOUZ la chaje ak yon gwo kantite derivasyon ak pèt nan divès chaj. Imedyatman nan fen ponp pwodiksyon an, ERGOL la aksyone yon tibin ki makonnen ak yon dèlko. Yo voye yon pati nan enèji yo retire konsa nan yon sikwi chaje yo rele CHAJ SOSYAL. Yon lòt ale nan KOU PWODIKSYON yo epi rès la sèvi pou chofe beny pye Mesye FLOUZEMAKER.

Sou yon bò, Mesye FLOUZEMAKER...


E sou yon lòt bò, sikwi CHAJ SOSYAL yo.




Kivèt **KAPITAL** la alimante avèk **BENEFIS APRÈ TAKS**
e avèk yon bagay yo rele **EPAY**.

Nan lòt sans la, **FLOUZ**
vaz ekspansyon sa kapab ale vè de tibin,
makonnen avèk kèk dèlko. Youn alimante
machin mwen an, sa inovasyon ak modènite a.
Lòt la rele **KREDI KOMÈSYAL**.


Bò kote pa'l, **SINIS FINANS** la genyen yon kès ki sanble ak sa.
Li alimante'l avèk **TAKS** la. Li retire dabò yon **TAKS SOU BENEFIS**
SOSYETE YO. Epi yon **TAKS DIRÈK, SOU REVNI YO**. Anfen,
nan debi **PONP KONSOMASYON** an, yon **TAKS ENDIRÈK** tankou,
pa egzanp, **TAKS SOU VALÈ AJOUTE** a.



A, men
DEPANS LETA yo.




LAME



EDIKASYON / RECHÈCH



SOSYAL




Sa, mwe sipoze ke
se **CHA LETA** ?

E EPAY, ak **KREDI** a,
kòman sa fonksyone ?

Tout vaz ekspansyon sa yo ki se **KAPITAL** la ak
KÈS LETA a gen an prensip fonksyon **REGILASYON**.
Nou te wè ke **MACHIN EKONOMIK** la te **ENSTAB**,
akoz de entèraksyon konstan sa ant **PWODIKSON**
ak **KONSOMASYON**, denye sa gen tandans
toutan pou'l anbale epi fè **PRI** yo monte.

Alò yo ankouraje anplwaye yo pou mete **FLOUZ**
yo nan de vaz ekspansyon sa yo...





Pa gen okenn rezon pou'w pa patisipe nan fòm idab mouvman kwasans ekonomi nou an. Nan bak **FLOUZ** mwen an, m'ap ba'w yon konpatiman espesyal (*) kote ou pral ka mete pa'w la. Konsa nivo a pral swiv ogmantasyon jeneral volim **KAPITAL** la.



Ou pa gen okenn risk. M'ap garanti'w yon sèten revni anyèl. Fè **FLOUZ** ou a travay.

Gras ak depo sa yo, nou pral ka investi epi modènize machin ekonomik nou an.



Mete **FLOUZ** ou a an sekirite. Panse ak **AVNI'W**. M'ap garanti'w yon sèten revni anyèl. E si ou konfye'm ekonomi ou yo pandan lontan, m'ap fè yon ti bagay pou ou sou afè taks la.

Gras ak depo ou yo nou pral ka investi epi modènize machin ekonomik nou an.




Hmm...



(*) Bank prive, aksyon.

YON TI TAN APRÈ...

Li pa ban nou anpil bagay.
Men, ou wè, kanmenm volim
nou ogmante.




Ou trè nayif. Aktivite ekonomik
la ap grandi. Mete an sèvis nouvo inite
pwodiksyon ale ak ogmantasyon mas total
ERGOL. Men yo tèlman mete anpil boul
nan li ke **DANSITE FLOUZ** la toujou ap
diminye . Epi, nan total, se ou ki pèdi.

Ou vle di ke,
nan sa nou te sove, kantite
ERGOL la, pati dans nan
melanj la, **BESE** olye
pou li ogmante ?!..




Kisa ou panse?

Men, salè nou yo te ogmante.
Debi yo prèske double! Gade...



Men, sa w ap likide
a se van, yon flouz
de mwens an mwens dans.
Gade entansite a!

**PONP
KONSOMASYON AN**






Li, li pa ogmante anpil...

Vrè **KWASANS EKONOMIK** la se pa sa ki nan volim **FLOUZ** ki bwase a, men se **ERGOL** li genyen an. Nan menm fason an ogmantasyon **NIVO LAVI** a, se pa **DEBI** a (salè), men entansite a (**POUVWA POU ACHTE**).


Èske pa gen yon lòt fason pou mete **FLOUZ** la sou kote?

Pou mete'l nan magazen nan **MAS KONSTAN**, ou jis **JELE'** l.


Gwo lide!
Pou evite **enflasyon** an, mal sa k'ap ronje ekonomi yo, jis jele tout bagay!



Men, Lè sa a, **FLOUZ** la pèdi enterè li, ki se nan likidite li. **JÈL KAPITAL YO** bloke machin ekonomik la.



Gade, yon tiyo liy!?!



Chodyè machin ekonomik la chofe gras ak likid presye sa, ki soti nan yon rejyon lwenten epi ki se yon dezè. Pou fè li vini, ou dwe depanse anpil enèji. (FAKTI PETWOLYÈ)

Sale !..



An echanj, yon liy soti nan dezè a epi li alimante, plis oswa mwens, ponp konsomasyon an (Ekspòtasyon) (*).

POMP KONSOMASYON

EKSPOTASYON

(*) Entènasyonalizasyon ekonomi an dwe diskite nan yon album kap vini: INFLATRON INTERNATIONAL.

CHÒK PETWOLYE

Gade, men SINIS la.



Ann wè
courye a.



Ou la...




Ou lala !..



Yo te ogmante tarif la !

Ela ! Beny pye mwen an frechi !



KOU PWODIKSYON


Se nòmàl.
Tout kouran an ale nan liy
KOU PWODIKSTON yo .

CHAJ SOSYAL

Di, nèg, n'ap pèdi nan tou
yo epi presyon an ap tonbe.

Kisa
k ap pase?


Flouzemaker
a fèmen inite pwodiksyon
ki pa PWOFITAB yo.



CHOMAJ la ogmante.

Kisa w ap fè?

Pito'w achte anvan pri yo
remonte. Mwen likide EPAY
mwen yo epi mwen pran kredi.




Epi, kisa Flouzemaker fè?

Sa vle di ke
Flouzemaker fè... fo lajan?

Mwen panse ke li fè antre
an sekre yon ti kras lè nan tank li
(ENFLASYON PA KREDI).


Non, pa vrèman...
Men **SISTÈM BANK** sa a,
tout papye sa yo, angajman kredi sa yo...
tout bagay sa a fini pa sanble avèk lajan.
Men, si yon jou nou te vide tank
Flouzemaker a nou t'ap gen
anpil sipriz ...

Itilizasyon **KREDI**
ak pèt **KONFYANS** la te pati
ak konsomasyon an.
Pri yo flanbe...




Nou dwe sispann kous pou kredi sa.

Flouzemaker prete twòp **FLOUZ**
bay moun yo. Men, nan fason sa,
mwen, tou, m'prete'l.



Se konsa, tout moun prete tout moun?




Oh, ou konnen, nan tout prè sa yo, gen anpil van.

Mwen pral redwi kredi li,
konsa li va reflechi de
fwa anvan li prete bay
tout moun...



Ey, e envèstisman
mwen yo !!

Bon. Nou reprime yon ti kras afè kredi sa.
Men, nivo **KÈS LETA** ap bese trè vit...




Kisa pou'n fè?
Ogmante taks dirèk?..
taks endirèk?.. Taks sou
pwofi antrepriz?..




Tout taks...

Nou mande
ogmantasyon pousantaj!




Mesye le SINIS,
presyon an nan kanal yo tonbe,
BAROMÈT la ap desann.



Epi kès la prèske vid!

Gade, kiyès ki ban'm bagay sa !?!




Se yon gwo lanp elektrik
ki mache ak kès leta a.

Konsa yo wè
nou byen lwen.




En !? Fèmen sa ban mwen touswit
si nou prale nan labatwa a!

Ogmantasyon debi,
otreman n'ap sispann
TIBINE.



Wi, wi... kounye a.

Plis pase yon solisyon.





Kisa SINIS la ap fè?

Li konekte gwo tank sa
yo nan sikwi FLOUZ la.

Lè li rechaje
KÈS LETA a.

Rezèv sa yo genlè gwo anpil.
Sa inatandi, li rasire. Men,
kisa li genyen ladan l?

Mwen pa
konnen anyen
nan sa.



Ah, finalman
men ogmantasyon debi sa yo.
Li pa twò bonè!

WRR ROAWRRR

Entansite Sakre.
Ponp konsomasyon
an vire an lanfè.


Ey, fè atansyon! Pri yo !!!

Finalman, pa gen pwoblèm,
machin nan vin pi bon, ponp yo ap koule.



Wi, men, gade: entansite yo tonbe toupatou!

Li pa nòmal.
N'ap vire ak plen, epi li sanble
ke li pa travay.




Kisa SINIS la mete
nan likid ekonomik la?!?!




Ann al wè gwo twou popilè sa yo.

Yon pòt ?

An'n antre.



VID !!!



Ou vle di ke kivèt sa yo **deja** vid tou?



Non, yo te **toujou** vid!


Yon kalite
VID EKONOMIK?



Anyen nan yon eta pi?

Lè bagay yo ale mal,
tout **SINIS** yo fè menm bagay la.
Yo enjekte yon gwo boul **van** nan
sikwi yo. Nan yon premye tan,
li pouse **FLOUZ** la, yon kalite
KOUT FWÈT.


Men, tout bagay sa vin
omojeneyze epi rezilta a se ke
FLOUZ la pèdi dansite.



Pri yo monte.




EPAY la vin pèdi valè.



Modi, mwen menm tou mwen
likide ekonomi mwen yo.

KAPITAL la tou...

FLOUZEMAKER!



Yon vòl kapital!
Ah, koken an !!!



Nou rive nan tan an!



Flouzemaker,
mwen bezwen kapital ou.

Pa fè bagay
timoun !

Ki kote li ale?



En, jele!





Li kite yon nòt ...

Bloke salè yo, redwi taks sou pwofi antrepriz,
chaj sosyal yo, epi ban nou sibvansyon pou
nou investi.


Mesye Flouzemaker

Men... **POUVWA ACHA** pral tonbe. Moun yo pral jemi.
E wi ponp konsomasyon an pral pèdi kèk tou.

Ann kòmanse sove
yon ti kras lwil modi sa a!



FLOUZE sa a pa vo anyen.
Kèk ogmantasyon debi !!



Nou te di li!


Sa ensanse !

Win asire!..

Anplis,
depi lè mwen te
Sinis, li pa te
vin pi mal...

EPILOG


Gade, yon lòt inite pwodiksyon ki dekonekte.



Li ta nesesè pou konstwi yon lòt... Anpil lòt...




Mesye SINIS la...





Si mwen te kreye yon lòt ministè?.. oswa yon sekretarya leta ?..

Wi ?

Mesye SINIS la, sèl solisyon an, se kwasans pi devan. Fò nou INOVE, konsevwa zouti pwodiksyon modèn.



Li nesesè pou fè travay **IMAGINASYON** an.



Trajedi a nan peyi nou an, se PÈT AN LIY yo...

